

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan “Modél *Everyone is a Teacher Here* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajar 2023/2024)”, bisa dicindekkeun yén:

Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* aya dina katégori can tuntas. Bisa katitén tina hasil rata-rata peunteun siswa dina pretest 60,68 nyaéta siswa anu can nyumponan ti katégori peunteun nu geus ditangtukeun saacanna, nyaéta leuwih ti 75. Tina 34 Siswa, aya 29 siswa anu can tuntas dina nulis sisindiran, sedengkeun anu tuntas aya 5 siswa.

Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung taun ajar 2023/2024 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* aya dina katégori tuntas. Bisa katitén tina hasil rata-rata peunteun siswa dina posttest 81,60 nyaéta siswa anu geus nyumponan katégori peunteun anu geus ditangtukeun nyaéta leuwih ti 75. Tina 34 Siswa, aya 9 siswa anu can tuntas dina nulis sisindiran, sedengkeun anu geus tuntas aya 25 siswa;

Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*. Katitén tina ngaronjatna rata-rata peunteun siswa dina pretest 60,68 jadi 81,60 dina posttest kalawan rata-rata béda hasil pretest jeung posttest 20,92. Hasil uji hipotésis, nuduhkeun yén Asymp. Sig. 0,000 atawa kurang ti 0,05. Hartina hipotésis alternative (H1) ditarima jeung hipotésis nol (H0) ditolak. Cindekna, modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* bisa cocok dilarapkeun jeung mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung taun ajar 2023/2024.

5.2 Implikasi

Nilik kana hasil ieu panalungtikan, implikasi modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* can pati bisa ditarima ku siswa. Lantaran, teu bisa sagawayah jelema bisa jadi guru. Tatapi, ieu perkara bisa jadi eunteung pikeun guru-guru Mata Pelajaran basa Sunda pikeun ngalarapkeun modél-modél pangajaran anu matak siswa moal bosen. Ogé, salian diajar matéri, siswa miboga pangalaman-pangalaman diajar anu can tangtu bisa kaalaman di tempat lianna.

Salian ti maké basa Sunda, siswa SMA Negeri 6 Bandung leuwih condong kana maké basa Indonesia, utamana dina paguneman di rohangan kelas. Antukna, loba pasualan-pasualan anu nyangkaruk dina pangajaran nulis sisindiran. Ogé, kandaga kecap anu dipikanyaho ku siswa ngabalukar kana idé-idé anu kasawang ku siswa dina nulis sisindiran. Ku ayana *pretest* jeung *posttest* geus bisa nyumponan pikeun ngukur kamampuh awal jeung ahir siswa jeung ogé bisa dijadikeun bahan *evaluasi* pangajaran basa Sunda.

5.3 Rekomendasi

Aya sawatara saran anu baris ditepikeun, rékomendasi sangkan panalungtikan kahareupna leuwih hadé tur aya kamajuan dina lumangsungna prosés pangajaran, di antarana:

1. Dumasar hasil panalungtikan nu geus dijalanan, modél pangajaran *Everyone is a Teacher here* dipiharep tuluy dimodifikasi sangkan leuwih *relevant* jeung pangajaran lianna.
2. Modél *Everyone is a Teacher Here* kudu dimekarkeun deui ku panalungtik lianna. Lantaran, panalungtikan ngeunaan larapna ieu modél can loba jalma anu nalungtik.
3. Nulis sisindiran mangrupa hiji perkara anu hésé, anu ahéng. Ku kituna diperlukeun kamekaran larapna modél-modél anu bisa ngarojong pangajaran nulis sisindiran.
4. Di SMA Negeri 6 Bandung, katitén siswa-siswana miboga karakter jeung basa anu *heterogen*. Hartina, lain ukur di ieu sakola wungkul, di sakola mana waé gé, panalungtik kudu bisa ngaanalisis naon anu jadi kabutuhan siswa, kumaha karakter siswa, basa anu dipakéna, kumaha cara nyanghareupan siswana, jrrd.